ISSN:
2181-3906
2026

*International scientific journal*
*«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»*
*VOLUME 5 / ISSUE 3 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ*

# KITAPXANALARDA REKLAMA ARQALÍ KITAPQUMARLÍQTÍ RAWAJLANDÍRÍW

**Muratbaeva Dina**
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institute
Nókis filialı Kitapxana xabar iskerligi qaniygeligi 2 - basqısh magistrantı.

*https://doi.org/10.5281/zenodo.19241806*

***Annotaciya.*** *Maqalada kitapxanalarda reklamanıń hár qıylı usıllarınan paydalanıwdıń áhmiyeti haqqında sóz etiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *kitapxana, reklama iskerligi, kitapxana reklamasınıń ózgeshelikleri.*

***Аннотация.*** *В статье рассматривается важность использования методов рекламы в библиотеках.*

***Ключевые слова:*** *библиотека, рекламная деятельность, специфика рекламы библиотеки.*

***Abstract****. This article discusses the importance of using advertising methods in libraries.*

***Key words:*** *library, promotional activities, specifics of library advertising*

Prezidentimiz "Búgin hesh bir tarawda ilim jetiskenlikleri hám innovaciyalıq texnologiyalardı ámeliyatta qollamay turıp rawajlanıwǵa erisip bolmaydı. Bul bolsa keń hám zamanagóy bilimge iye kadrlardı tayarlaw, olardıń mamanlıǵın asırıw, shet el tájiriybelerdi ózlestiriw sıyaqlı aktual wazıypalardı aldımızǵa qoyıp atır", sonday-aq, «Jáhán tariyxı sonnan dárek beredi, hár qanday jańa civilizatsiya, jańa Oyanıw dáwiri kitap hám kitapxanalardan baslanadı», dep atap ótti [1].

Haqıyqattan da, Jańa Ózbekstan óz rawajlanıwın kitapxanalar iskerligin túpten jańalaw hám innovaciyalıq ideyalardı ámeliyatqa nátiyjeli qollanıwdan basladı.

Málimleme jámiyetinde kitapxanalar ayrıqsha mashqalalarǵa dus kelip atır. Innovatsiyalar kitapxanalardıń kúshli hám hálsiz tárеplerin, olardıń jumıs iskerligin úyreniw, sırtqı faktorlar tásirin analiz qılıw arqalı anıqlanadı. Málimleme texnologiyaları kitapxana qatnaslarına sezilerli dárejede tásir kórsetedi. Jańa texnologiyalıq sharayatta kitapxanalar tek ǵana málimleme texnologiyaları obekti emes, bálki bul processtiń aktiv qatnasshıları bolıp tabıladı. Múmkin bolǵan maǵlıwmatlar kóleminiń ósiwi, tarmaqlardıń globallasıwı, finanslıq támiynlew sheklewleri kitapxanalar hám olardıń xızmetkerleriniń rolin ózgertip atır. Solay eken olar ózleriniń kúshli tárеplerin qızıqlı tárizde bayanlawları, kóp qırlı jumısların járiyalap biliwleri, kórsetilip atırǵan xızmetler kólemin xalıqqa jetkiziwleri, olardıń áhmiyeti hám aktuallıǵın kórsetiwleri zárúr.

Marketing iskerliginiń tiykarǵı maqseti hár qıylı pulsız hám pullıq xızmetlerdi engiziw emes, bálki qarıydarlardı olarǵa bolǵan mútajliklerin támiyinlew bolıp tabıladı. Bul maqsetlerdi ámelge asırıwda kitapxananıń intellektuallıq ónimleri hám xızmetleri ornın asırıw ushın reklama xızmet etedi. Kitapxana xızmeti hám intellektuallıq ónimlerdiń ornın asırıwdıń zárúrli forması kitapxana reklaması bolıp tabıladı [2].

Kitapxana-málimleme iskerliginde reklamanıń áhmiyeti kútá úlken. Ol kitapxana haqqında, ondaǵı xızmetler hám ónimler haqqında anıq paydalanıwshılarǵa málimleme beredi.

Kitapxana reklaması funksiyasına resurslar, kitapxana xızmetlerin hám ónimlerine bolǵan talaplardı qáliplestiriw hám jańa málimleme-kitapxana xızmetlerin ǵalabalastırıw kiredi.

Kitapxana reklamasına qoyılatuǵın tiykarǵı talaplar:

- anıq hám potencial paydalanıwshılardı keń qamtıp alıw;
-reklamanıń olardıń talap hám mútajliklerine sáykes keliwi;
- jedellik hám anıqlıq;
- turaqlı jańalanıp barıw;
- ápiwayı hám qısqashalıq;
- reklama xabarlarınıń jeńil eslep qalıwğa qolaylığı;
- tapqırlıq hám operativlik;
- anıqlıq, hár túrlilik, kózge ayqın taslanıwlılıq;
- xızmet dárejesiniń reklamağa sáykes keliwi;

Reklama paydalanıwshılardı kitapxana xızmetlerin hám onıń intellektuallıq ónimlerine dıqqattı tartıwı, qızıqtırıwı hám reklamada kórsetilgen xızmetlerden paydalanıwğa shaqırıwı kerek [3].

Kitapxana reklaması - kitapxana tárepinen ámelge asırılatuğın kitapxana resursları, xızmetlerin hám ónimlerin reklama qılıw, paydalanıwshılarğa kitapxananıń qálegen bağdarına tásir kórsetetuğın iskerlik túri hám qurallar kompleksi bolıp tabıladı. Reklama kitapxana turmısında onıń múmkinshiliklerin, texnologiyaların sáwlelendirip, kitapxana resursları hám xızmetlerin xalıqqa en jaydırıp, kitapxana-málimleme shólkemi hám onıń xızmetkerleriniń iskerliginiń ózine tánligin belgileydi. Reklama sebepli kitapxana óz múmkinshiliklerin keń auditoriyağa ashıp beredi.

Zamanagóy jergilikli hám shet el tájiriybeleri kitapxana iskerliginde reklama múmkinshilikleri qanshelli zárúr ekenligin kórsetip atır. Onıń áhmiyetli bağdarları reklama materialların tarqatıw hám reklama siyasatınıń natiyjeliligin támiyinlew bolıp tabıladı. Búgingi kúnde kitapxanalarda kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıwda, kitapxana reklamasın jaratıwda ğalaba xabar qurallarınıń áhmiyeti oğada áhmiyetli [4].

Ǵalaba xabar qurallarında, baspa materiallarında reklama ıqsham hám tásirsheń bolıwı kerek. Eger ol video bolsa, ol birinshi náwbette bolıwı, júda uzaq bolmawı kerek. Eger reklama radioda berilgen bolsa, ol nama menen birge bolıwı kerek. Baspa ğalaba materiallarında reklama birinshi betke jaylastırılıwı hám anıq kórkem dizaynge iye bolıwı kerek

Kitapxana reklaması hám kitapxana iskerligin jaratıwda ğalaba xabar qurallarınıń áhmiyetine bağıshlanğan shet el baspaları sanı kóbeyip barmaqta. Olardıń qatarında V.K.Klyuev, E.M.Yastrebova, O.O.Borisova, G.Shelamova, E.V. Balashova sıyaqlı shet el qánigeleri hám tağı basqa izleniwshiler miynetlerinde óz kórinisin tapqan.

Zamanagóy kitapxanalar aldında unamlı imidjdi qáliplestiriw hám paydalanıwshılardı óz fondlarınıń baylığı hám kórsetilip atırğan xızmetler kólemi haqqında xabardar etiwdiń eń nátiyjeli quralı bolğan professional hám nátiyjeli kitapxana reklamasın jaratıw wazıypası turıptı.

Kitapxana reklaması hár bir insannıń ómirindegi materiallıq hám ruwxıy zatlardı ajıralmas baylanıstırıp, olardıń talap hám tileklerin birlestiredi. Biraq, kommerciyalıq reklamadan ózgesheligi, kitapxana reklaması adamlardı ruwxıy tabıslar menen baylanıstıradı, olardı jazıwshılar, súwretshiler, kompozitorlar hám hám basqalar menen ushırasıwlarğa usınıs etedi.

Kitapxana reklaması jańa oqıwshılardı tartıw, paydalanıwshılarğa xizmet kórsetiwdi jaqsılaw, ózine tartatuğın imidj jaratıw hám informaciya qarıydarlarına kitapxana qalelegen jóneliste tásir kórsetiwge járdem beredi.

Kitapxana reklamasınıń ayrıqsha ózgesheligi maǵlıwmatlardıń isenimliligi bolıp tabıladı.

Kópshilik reklama xabarlarına ıseniwi múmkin, biraq olar isenimsiz ekenligin ańlap jetkennen soń, paydalanıwshılardıń kópshiligi málim bir kitapxanadan kelgen hár qanday xabarlarǵa unamsız qatnasta boladı.

Reklamanıń orayında reklama xabarı - kitapxana resursları, ónimleri hám xızmetlerinen paydalanıwdı xoshametleytuǵın ıqsham, janlı hám illyustrativ maǵlıwmat boladı. Reklama xabarın jaratıw dóretiwshilik process bolıp, ol úsh basqıshtı óz ishine aladı: xabar ideyasın qáliplestiriw, mazmunın qáliplestiriw hám formatın tańlaw. Reklama itibarǵa alınıwı ushın tuwrı pikir zárúrli áhmiyetke iye. Saylanǵan ideya maqsetli auditoriyaǵa múmkinshiligi barınsha uyqas bolıwı kerek.

Xabardı islep shıǵıwda maqsetli auditoriyanıń tiykarǵı sorawlarına juwap beriw zárúrli bolıp tabıladı:

- Ne usınıs ete alasız?
- Xızmetti qay jerde, qashan hám qanday shártlerde alıwım múmkin?
- Xızmetten paydalanıw qaǵıydaları qanday?

Reklama teksti anıq dálillerge tiykarlanǵan bolıwı kerek. Argumentlerdi tańlawda kitapxana hám málimleme resursları, ónimler, xızmetlerdiń ayrıqsha qásiyetlerin hám málimlemeden paydalanıwshınıń belgili bir ónimnen paydalanıwǵa qarar etiwine sebep bolǵan motivlerdi esapqa alıw kerek. Tekstlerdiń usılı mazmunına kóre emotsional, kórkem hám obrazlı yamasa mazmunlı hám dástúriy bolıwı múmkin.

Sońǵı waqıtlarda kitapxanalar sáwbetlesiw usılın abzal kórmekte, bul kitapxana hám onıń paydalanıwshıları arasındaǵı qatnaslarda erkin hám teń xarakterdi jaratıwǵa járdem beredi. Úndew gápler, ritorikalıq sorawlar yamasa soraw -juwap strukturaları qollanıladı.

Kitapxananıń ishki dizayni ishki reklamada jetekshi orındı iyeleydi. Kitapxana reklaması-kitapxana resursları, xızmetleri hám úgit-násiyatlaw bolıp tabıladı. Bul ózine tán iskerlik túri bolıp, málimlemeden paydalanıwshılarǵa kitapxana ushın maqul bolǵan túrde tásir etedi.

Kitapxana reklamasınıń anıq maqset hám wazıypaları bar. Kitapxana reklamasınıń maqseti potecialdı xabardar etiw bolıp paydalanıwshılarǵa kitapxana málimleme resursları, baspalar hám kitapxana xızmetleri haqqında maǵlıwmat beredi. Paydalanıwshılardı qızıqtırıw, óz xızmetlerin usınıw, anıq bir "ónim" di tańlawǵa shaqırıw, tabıslı túrde óz xızmetlerin bazarǵa shıǵarıwdan ibarat. Kitapxana xızmetkerleri kitapxanadan paydalanıwshılardı jeke biliwleri, olardıń mútajlikleri hám talapları haqqında biliwleri kerek.

Kitapxana reklamasınıń tiykarǵı maqsetleri tómendegilerden ibarat:

-kitapxananıń abırayın asırıw;

- jámiyetshilik, qáwenderler, jergilikli húkimet wákilleri, jámiyetlik shólkemleri hám basqalar tárepinen engizilgen jańa xızmetler haqqında bibliografik sıpatlama beriw;

- kópshilikke arnalǵan ámeldegi bibliografik xızmetlerdi saqlaw hám basqalar. Ádette tómendegi reklama usılları eń kóp qollanıladı.

-kitap kórgizbelerin (ásirese, tematikalıq) shólkemlestiriw;

- adamlar tıǵız orınlarda reklama betlerin tarqatıw;

- kiriw esiklerin ashıq kitap formasında bezew;

- kitapxana xızmetkerlerin ádebiy qaharmanlar sıpatında kiyindiriw hám tematikalıq kesheler ótkeriw;

- hár túrli temalarda qızıqlı sabaqlar ótkeriw, lekciyalar hám biypul kurslar ótkeriw;
- kitap kvestlerin (interaktiv oyınlar) ótkeriw hám basqalar.

Kitapxana dizayni keń kólemli qosımshalarǵa iye: reklama hám málimleme plakatları, kórgizbeler hám ilájlar dizayni, baspa materiallar hám kompyuterde jaratılǵan dizayn grafikası.

Funktsiyası boyınsha: biznes hújjetleri: blankalar, konvertler, múrájat qaǵazları, kitapxana logotipleri, kalendarlar hám basqalar.

Baspa reklama quralları: qaǵazlar, plakatlar, bukletler, kataloglar, press-relizlar. Buklet kóbinese kitapxana ushın qollanba bolıp xızmet etedi. Kitapxanadan paydalanıwshılardı kitapxana-resursları hám xızmetleri haqqında xabardar etedi. Olar arnawlı sánelerge baǵıshlanǵan boladı.

Búklemeler baspa materiallardıń eń belgili túrlerinen biri bolıp tabıladı. Olar ádette bir yamasa eki tárepleme, kishi formatlı baspalar bolıp olardıń abzallıǵı biraz arzanlıǵı menen hám túrli maqsetlerde paydalanıwǵa qolaylılıǵında bolıp, birinshi náwbette, kitapxanaǵa keliw hám olardıń dástúriy hám anıq xızmetlerinen paydalanıw ushın mirátnama sıpatında jiberiledi, sonday-aq, resurslardı qısqasha túrde járiyalaydı.

Plakat -bul biraz úlken aralıqtan itibardı qaratıw ushın arnalǵan, boyawlar menen bezetilgen baspa túri bolıp, kitap yamasa bir neshe kitap túrlerin reklama etedi. Plakat ıqtiyarsız túrde itibardı qaratıw ushın arnalǵan. Íqtiyarsız eslep qalınǵan nárse este ańsat saqlanadı. Plakat úlken kólemde bolıp, ol kóp tásirge iye. Plakatqa qoyılatuǵın eń áhmiyetli talaplardan biri onıń tekstinde bolıp tabıladı.

Ǵalabalıq dástúrlerge mirátnamalar, usınıs etilgen ádebiyatlar, ádebiy-nama salonları hám klublarǵa aǵza bolıwshılarǵa usınıs etilip, kitapxana fondındaǵı kitaplar arasına, kataloglar janına jaylastırıladı hám kitapxanaǵa tapsırıladı.

Ǵalabalıq hám arnawlı kitapxanalar prospektlerdi baspadan shıǵaradı. Bular kóp betli, tomlı hám jaqsı súwretlengen baspa bolıp, quramı hám dizayni tárepinen prospekt bukletten parıqlanbaydı, onıń formatı kitapshaǵa uqsamasa da, ol bólimlerge bólingen boladı. Prospekt kitapxana isin tastıyıqlaw ushın keńirek imkániyatlardı beredi hám bukletten kóre uzaq múddetli paydalanıw ushın arnalǵan. Óziniń funkcional tábiyatına kóre prospekt estelik reklamasına uqsaydı, ol ádette joqarı sıpatlı qaǵazǵa basıladı, lekin mazmunı menen parıqlanadı, tek ǵana tiykarǵı maǵlıwmatlardı óz ishine aladı.

Kitapxana esikleri hám jaratılǵan displeyler kitapxana isi ushın reklamanıń ózine tán túri bolıp tabıladı.

Vizual reklama quralları prezentaciyalardı óz ishine aladı. Plakat prezentaciyaları reklamanıń jáne bir kórinisi bolıp faktler hám ideyalar járdeminde kórsetiwshi sızılmalar, eskizler, diagrammalar, tablitsalar hám basqa elementler, sonday-aq, kitapxana esabatı, belgili bir dáwir ushın hújjetler hám taǵı basqalar.

Kitapxananıń ishki dizayni reklamada jetekshi rol oynaydı. Interyer dizayni kitapxananıń lakonik, taza hám ayrıqsha formasın jaratıwǵa múmkinshilik beredi, bul jerde siz tuwrı kitap yamasa jurnaldı tabıwıńız, qızıqlı kitaptı oqıwıńız yamasa qızıqlı temadaǵı ilimiy maqalalardı úyreniwińiz múmkin.

Kitapxana dizayni keń kólemli qosımshalarǵa iye:

- reklama hám málimleme plakatlari, kórgizbeler hám ilájlar dizayni;

-baspa materiallar hám kompyuterde jaratılǵan dizayn grafikası.

Funkciya boyınsha:

- biznes hújjetleri, blankalar, konvertler, sapar qaǵazları hám basqalar;
- suvenirler: kitapxana logotipleri menen qálemler, papkalar, kalendarlar hám basqalar.

Kitapxana-málimleme oraylarında reklama usıllarınan paydalanıw birinshi náwbette kitapxananıń ornın hám paydalanıwshılar sanın asırıp, olarǵa nátiyjeli xizmet kórsetiwdi jedellestiredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Шавкат Мирзиёев Янги Ўзбекистон стратегияси. – Т. «O‘zbekiston» нашриёти, 2021.
2. Паршукова Г.Б. Маркетинговые основания в библиотечной деятельности. Учебное пособие. Новосибирск 2005. -35-40 с.
3. To‘ychiyeva D. Axborot-kutubxona muassasalarida reklamaning o’ziga xos xususiyatlari va ularning turlari // "Oriental Art and Culture" Scientific-Methodical Journal, 2023, Fevral.
4. Раҳимов М. Axborot kutubxona muassasalarida reklama// Infolib., 2018. №1
5. Maxmudov M.X. Kutubxona - axborot faoliyati menejmenti: O‘quv qo‘llanma.-T., 2007. -150 b.
6. Axborot-kutubxona va axborot-resurs markazlari ishini tashkil qilish.-T.: A. Navoiy nomidagi O‘zbekiston Milliy kutubxonasi nashriyoti, 2007. -68 b.
7. Клюев В.К., Ястребова Е.М. Маркетинговая ориентация билиотечно-информационной деятельности: Учебное пособие -М.: Издательство Моск. Гос. Инст. культуры. 1999. -144 с.